

## **Ukwemera ata gahato kwitabira igikorwa c'ubushakashatsi**

Bavuze 'u- (wewe)' muri runo rwandiko baba bashatse kuvuga umuntu azokwitabira ubwo bushakashatsi. Ako gace k'ijambo gashobora kandi gusigura umuntu afise uburenganzira bwo gutanga uruhusha kw'izina ry'umuntu agire yitabire ico gikorwa c'ubushakashatsi.

Urasabwe kwitabira igikorwa c'ubushakashatsi. Imbere yuko wemera, utegerezwa kubanza kuronswa incamake y'amakuru makurumakuru agufasha gutahura ivyotuma witabira canke utitabira ubwo bushakashatsi.

Imbere yuko wemera, uwukora ubwo bushakashatsi ategerezwa kukubwira:

- (i) intumbero y'ubwo bushakashatsi, ingene buzokorwa, hamwe n'ikiringo buzomara;
- (ii) uburyo bwo gukora bushasha buva mu bushakashatsi;
- (iii) ingaruka, ukugumbwa nabi, hamwe n'inyungu biboneka ko bishobora kuva muri ubwo bushakashatsi;
- (iv) ubundi buryo bwo kuvurwa bushobora kuba ari bwiza;
- (v) ukuntu ibanga rizotazomenwa; hamwe na
- (vi) uwo wobaza ibibazo, uwo wokwitwarako, canke uwo wokwitura bishitse ugakomereka

Aho bikenewe, uwokora ubushakashatsi ategerezwa kandi kukubwira:

- (i) inshumbusho woronswa canke ukuntu wovurwa bishitse ugakomereka;
- (ii) nimba bishobora gushika hakaba impanuka zitari zitezwe;
- (iii) ryari uwukora ubushakashatsi ashobora guhagarika ukwitabira ico gikorwa kwawe;
- (iv) amahera yandi ushobora kuriha;
- (v) icoba bishitse ugafata ingingo yo guhagarika kwitabira ico gikorwa;
- (vi) ryari uzomenyeshwa bishasha vyavuye mu bushakashatsi bishobora gutuma uhindura ingingo wafashe ku bijanye no kwitabira ico gikorwa;
- (vii) igitigiri c'abantu bazokwitabira ico cigwa;
- (viii) igituma ukwiye gutanga uruhusha rwo gukoresha amakuru yo kwa muganga akwerekeye muri ico cigwa.

Ukwitabira ubu bushakashatsi bikuvako, kandi ntuzohanwa canke ngo imfashanyo wahora uronka ihagarikwe kubera wanse canke wahagaritse kwitabira ubu bushakashatsi. Ni watera umukono kuri runo rupapuro uza kuba wemeje ko wasiguriwe ku munwa iki cigwa hamwe n'amakuru yanditswe aho hejuru, kandi ko wemeye ata gahato kwitabira ico gikorwa c'ubushakashatsi. Ni wemera kwitabira ico gikorwa, utegerezwa kuronswa ikopi y'uru rupapuro iteyeko umukono hamwe n'incamake y'ubu bushakashatsi yanditse mu congereza.

Ukaba ufise ibibazo, ugomba kwitwara, wakomereste canke ufise amakenga kuri iki cigwa, ushobora guhamagara uwukora ubu bushakashatsi ku numero za terefone usanga mu rwandiko rw'incamake y'iki cigwa. Ukaba ufise ibibazo vyerekeye uburenganzira bwawe ku bijanye n'ukwitabira ubu bushakashatsi, canke nimba ufise ibibazo, ugomba kwitwara, canke ufise amakenga utipfuza kuganira n'umurwi ijejwe gukora ubwo bushakashatsi, usabwe kwitwara Human Research Protection Advocate ubicishije ku numero ziri mu rwandiko rw'incamake y'iki cigwa.

---

umukono w'uwitabiriyeye iki cigwa

---

izina ry'uwitabiriyeye icigwa

---

Itariki/isaha (nivyaba bisabwa)

## Icabona

Ni watera umukono kuri uru rupapuro, uzoba wemeje ko:

- Amakuru ari muri uru rwandiko rw'incamake hamwe n'ayandi makuru yatanzwe n'uwariko ararondera uruhusha, yahawe uwo muntu asabwa kwitabira ico cigwa mu rurimi yumva kandi yihitiyemwo; kandi
- Ibibazo vy'uwo muntu asabwa kwitabira ico cigwa vyarasobanuwe kandi inyishu zatanzwe n'uwukora ubwo bushakashatsi zarasobanuriwe uwo asabwa kwitabira ico cigwa mu rurimi yumva kandi yihitiyemwo.
- Mw'isozerwa ry'inama y'ukwemera ata gahato, uwo muntu asabwa kwitabira ico cigwa yarabajijwe, mu rurimi yitoreye kandi yumva,ko atahura amakuru ari mu rwandiko rw'incamake hamwe n'ayandi yatanzwe n'uwariko aramusaba kwitabira ico cigwa (harimwo n'inyishu z'uwo asabwa kwitabira ubwo bushakashatsi), kandi yaremeye kwitabira ico cigwa.

---

Umukono w'icabona

---

Izina ry'icabona

---

Itariki/Isaha

Intahe y'umusobanuzi w'indimi:

Ndemeje ko nasobanuye uko nshoboye mu rundi rurimi iyo ncamake nkuko yanditswe, hamwe n'ibibazo vy'umugwayi n'inyishu z'umushakashatsi.

---

Umukono w'umusobanuzi w'indimi

---

Izina ry'umusobanuzi w'indimi

---

Itariki/Isaha